



## AVI SOU PRATIK ENTIMITE

AVI SA A DEKRI KIJAN YO KA PATAJE/ AK ITILIZE OSWA REVELE ENFÒMASYON MEDIKAL OU/ SOU SANTE W EPI KIJAN OU KAPAB JWENN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA YO. TANPRI EGZAMINE L AVÈK ANPIL ATANSYON.

### REZIME

Patenarya pou Timoun nan Essex (Partnership for Children of Essex, Inc.) (PCE) gen responsabilite legal pou I kenbe Enfòmasyon Pwoteje sou Sante w. Nan Avi sa a, "Ou, w" oswa "Pa ou, pa w (ou menm)" vle di jèn k ap resevwa sèvis nan PCE a. Pou jèn ki poko gen 18 tan yo, paran oswa responsab jèn nan kapab egzèse dwa ki nan seksyon ki pale sou dwa jèn nan avi sa a.

"Avi sou Pratik Entimite" sa a (Avi) dekri kijan PCE kapab itilize epi revele "enfòmasyon pwoteje sou sante ou", (Sa gen ladan lwa federal sou entimite yo rele HIPAA.) "Enfòmasyon pwoteje sou sante" oswa "PHI" gen ladan nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak pwoblèm sante fizik oswa mantal ou te genyen anvan, pwoblèm sante ou kounye a, oswa pwoblèm sante alavni, enfòmasyon sou swen sante w, oswa sou pèman pou swen sante w, enfòmasyon ki ka idantifye w antanke moun, tankou non w, nimewo sekirite sosyal, adrès oswa lòt detay ki ka idantifye w.

Lalwa egzije PCE pou I respekte kodisyon avi sa a epi pou I ba w yon kopi avi sa a. Nou p ap pataje enfòmasyon pwoteje sou sante(PHI) ou jan sa mansyone nan avi sa a amwenske ou mande pou n fè sa alekri. N ap fè w konnen si gen yon vyolasyon nan PHI ou ki rive ki kapab lakoz enfòmasyon pwoteje sante (PHI) w yo pa entim oswa yo pa pwoteje ankò.

### ITILIZASION

Nou gen dwa pou n chanje Avi sa a ak Pratik sou Entimite nou an nenpòt moman, e chanjman yo ap aplike pou tout enfòmasyon pwoteje sou sante(PHI) nou genyen pou ou. Nenpòt lè n fè yon chanjman enpòtan nan politik sou entimite nou yo, n ap chanje Avi sa a epi pibliye yon nouvo Avi nan espas publik biwo nou yo. Gen yon kopi Avi sa a k ap disponib sou sit entènèt nou an, nan <https://www.pcjenj.org/>.

### KIJAN NOU KAPAB ITILIZE EPI REVELE ENFOMASYON PWOTEJE SOU SANTE W

Lalwa pèmèt epi egzije PCE pou I itilize oswa revele enfòmasyon pwoteje sou sante w **sanotorizasyon w** nan sitiayson ki dekri pi ba yo.

Lòt itilizasyon oswa pou n revele enfòmasyon pwoteje sou sante (PHI) ou ap egzije pou bay otorizasyon alekri amwenske yo di sa nan Avi sa a. Ou kapab Anile otorizasyon w lan alekri alavni, depi PCE pa gentan aji selon otorizasyon w la.

- Tretman – pou bay, kowòdone oswa jere swen sante w ak sèvis ki gen rapò ak sa.  
Egzanp: Relevé enfòmasyon pwoteje sou sante w bay yon etablisman k ap bay swen oswa bay doktè k ap patisipe nan tretman w. Lè n ap revele kèk enfòmasyon ki sansib anpil sou sante w (pa egzanp, dyagnostik VIH oswa SIDA oswa dosye nou resevwa nan yon etablisman gouvènman an finanse ki bay tretman pou twoub akoz konsomasyon dwòg ak alkòl), nou ap bezwen jwenn yon otorizasyon alekri lè lalwa egzije sa.

- Pèman – Pou chache asirans; faktirasyon; Jesyon reklamasyon; revizyon sou bezwen medikal; ak aktivite ki egzije yon pèman pou sèvis sante. Egzanp: Lè pou w jwenn apwobasyon pou yo aksepte w nan yon lopital oswa nan yon etablisman, sa ka mande pou n revele kèk enfòmasyon pwoteje sou sante w bay Plan Asirans lan.
- Aktivite Swen sante – Fonksyon ak aktivite ki obligatwa pou PCE kapab fè travay antanke founisè swen sante. Egzanp: Evalye Pèfòmans ak kalite Swen sante, jesyon itilizasyon, ak revizyon sou konpetans founisè swen sante. PCE kapab revele tou enfòmasyon pwoteje sou sante w bay avoka PCE yo, kontab yo ak lòt pwofesyonèl ak founisè (yo rele yo « Asosye Komèsyal ») k ap bay PCE sèvis kote sa ka nesesè pou PCE byen fè travay li.
- Asosye Komèsyal PCE gen kontra ak yo pou yo bay PCE sèvis.
- Lè lalwa mande pou n revele yon enfòmasyon, pou pwosesis legal, oswa lapolis. Egzanp: Pou rapòte yon pwoblèm oswa yon abi yo sispèk oswa neglijans nan ajans gouvènman yo, nan kad yon demach lajistis oswa administratif anrapò ak yon asiyasyon oswa yon manda, oswa pou rapòte yon krim bay lapolis.
- Pou aktivite Sante publik. Egzanp: Pou rapòte enfòmasyon bay sante publik oswa lòt otorite konsènan lanmò oswa yon gwo evènman, oswa enfòmasyon konsènan maladi, andikap oswa domaj.
- Pou aktivite Siveyans Sante. Egzanp: Pou ede yon ajans gouvènman oswa yon ajans siveyans sante ki gen kontwòl kont, oswa pou mennen ankèt sou sivil oswa sou kriminèl.
- Polisyé jidisyè, direktè antèman oswa yon donatè ògàn. Egzanp: Pou ede yon polisyé jidisyè, yon egzaminatè medikal, oswa yon direktè antèman ranpli responsabilite yo, oswa *pou ede òganizasyon ki konn bay ògàn yo bay yon ògàn, je, oswa yon tisi.*\*
- *Pou rezon rechèch. Nan kèk sitiyasyon, PCE kapab bay enfòmasyon pwoteje sou sante (PHI) ou pou fè rechèch medikal.\**
- Pou evite yon dega. Egzanp: Pou ka ede yon menas grav sou sante w oswa sou sekirite w, yon lòt moun, oswa publik la, nou kapab rapòte enfòmasyon bay otorite ki la pou mete lòd.
- Pou fonksyon espesyal gouvènman. Egzanp: Pou aktivite sekirite nasyonal oswa entèlijans.
- Pou rezon rekonpans pou Anplwaye yo. Egzanp: Pou ka trete reklamasyon rekonpans pou anplwaye yo oswa pou konfòme ak lwa sou rekonpans pou anplwaye yo.
- Rapèl Randevou ak Avantaj oswa Sèvis Sante. Si ou pa swete resevwa enfòmasyon sa yo, tanpri fè nou konnen.

\*Pati ki ekri ann italic nan lwa sa a kapab pa aplike pou PCE.

## KOTE W GEN POSIBLITE PWOTESTE LÈ N ITILIZE AK REVELE ENFÒMASYON

- PCE kapab bay enfòmasyon pwoteje sou sante w a yon manm fanmi, yon zanmi, oswa lòt moun ou di ki enplike nan pran swen w oswa nan peye pou swen sante w, oswa lòt moun ki ede nan efò kont yon katastwòf oswa ki ede nan soulajman, amwenske ou di n ou pa vle sa. Si w pa kapab fè n konnen preferans ou (pa egzanp, ou pa gen konesans), nou kapab pataje enfòmasyon pwoteje sou sante w si nou kwè sa nan enterè w.

## KOTE YON OTORIZASYON ALEKRI OBLIGATWA POU N ITILIZE AK REVELE ENFOMASYON

Nou dwe jwenn yon otorizasyon alekri avan nou revele enfòmasyon sou sante w pou rezon ki vin apre yo:

- Maketin. *Sepandan, nou kapab revele enfòmasyon sou sante w nan konvèsasyon fas a fas oswa pou n bay yon kado pwomosyonèl ki gen yon valè senbolik, san nou pa jwenn otorizasyon alekri nan men w.* \*
- *Vant PHI ou, jan yo defini sa nan HIPAA.* \*
- *Pifò nòt sikoterapi ki plis pataje yo si nou resevwa yo.* \*
- Aktivite pou ranmase lajan. Nou kapab kontakte w konsènan aktivite pou ranmase lajan, men ou kapab soti kò w nan enfòmasyon konsa.

## ITILIZASYON AK REVELASYON ENDIREK

- Itilizasyon ak revelasyon endirèk enfòmasyon pwoteje sou sante w kapab fèt. Egzanp: Moun ki pa otorize kapab tande konvèsasyon sou enfòmasyon pwoteje sou sante(PHI) ou. Nou mete sou pye bonjan mezi rezonab pou n evite itilizasyon ak revelasyon endirèk enfòmasyon ou.

## DWAT SOU ENFÒMASYON SOU SANTE W

Lalwa ba ou dwa sa yo ki konsène enfòmasyon pwoteje sou sante w:

- Siveye ak kopye PHI – Ou kapab mande pou egzamine ak/oswa pou resevwa kopi sou papye oswa elektwonik sou enfòmasyon pwoteje sou sante w nan « dosye PCE espesyal ou a. » Sa gen ladan dosye medikal; dosye faktirasyon; enskripsyon, pèman, desizyon sou reklamasyon, dosye kontestasyon; dosye medikal elektwonik; ak lòt enfòmasyon yo itilize pou pran desizyon konsènan swen sante w. N ap ba ou yon kopi rezime sou PHI ou, jeneralman nan 30 jou. Nou kapab mande w peye yon ti kòb, ki baze sou depans ki fèt pou sa.
- Korije oswa Mete ajou PHI - Si ou kwè PHI PCE genyen sou ou a pa konplè oswa li pa korèk, ou kapab mande pou gen yon koreksyon ki fèt. Si PCE pa dakò avèk demann ou an, w ap resevwa yon mesaj alekri ki bay rezon ki fè nou refize a., ou kapab konteste sa pafwa.
- Lòt fason pou kominike – Si ou vle resevwa enfòmasyon nan men PCE yon lòt fason oswa yon lòt kote, ou kapab fè PCE konn sa. Nou prale adapte n ak demann ki rezonab yo.

\*Pati ki ekri ann italic nan lwa sa a kapab pa aplike pou PCE.

- Mande nou pou n limite Sa nou Pataje – Ou kapab mande nou pou n pa itilize oswa revele kèk enfòmasyon pwoteje sou sante w pou tretman, pèman, oswa aktivite swen

sante nou yo. Nou pa gen obligasyon pou n fè sa w mande a, e nou kapab di w "non" si sa ta ka afekte swen w lan. Sèl eksepsyon ki gen nan sa se si w peye yon bagay oswa yon sèvis nèt ak kòb pòch ou epi ou mande nou pou n pa pataje enfòmasyon pwoteje sou sante w avèk konpayi asirans ou an, n ap respekte demann ou an amwenske lalwa ta egzije pou n pa fè sa.

- Lis revelasyon – Ou kapab mande nou yon lis (kontablite) revelasyon PCE sou enfòmasyon pwoteje sou sante w anvan yon peryòd 6 zan ki pa gen rapò ak tretman, pèman, oswa aktivite swen sante oswa enfòmasyon ou pa t bay otorizasyon espesyal pou yo. N ap ba ou yon rapò kont chak 12 mwa epi nou kapab fè w yon peye yon ti kòb rezonab, ki baze pou lòt depans ki fèt pou rapò sa yo. N ap reponn ou nan 60 jou soti jou nou resevwa demann ou an.
- Chwazi yon moun pou Aji pou ou – Si yon moun gen otorizasyon legal pou l aji pou ou (pa egzanp, paran timoun ki poko gen 18 tan, responsab legal, oswa avoka pou swen sante), moun sa kapab aji selon dwa w genyen epi li kapab pran desizyon konsènan PHI ou.
- Kopi Avi Sa a – N ap ba w yon kopi papye Avi sa a lè w enskri nan PCE. Ou kapab mande nou yon kopi papye oswa elektwonik (sa gen ladan nan imèl) nenpòt moman.
- Enfòmasyon sou Kontak ak Plent – Ou kapab kontakte PCE si w gen kesyon konsènan Avi sa a oswa ou ka voye yon plent ale si w kwè PCE vyole dwa sou entimite w nan fason sa yo: Mèl: 300 Broadacres Drive, 3rd Floor, Bloomfield, NJ 07003, Attn: Responsab Konfòmite a; Telefòn: 973.323.3000; Imèl: Compliance\_Manager@pcenj.org.

Ou ka voye yon plent ale bay Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ozetazini fason sa yo: Mèl: 200 Independence Avenue, S.W., Room 509F, HHH Bldg., Washington, DC 20201; Telefòn: 877-696-6775; Online: [www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/](http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/).

PCE p ap vanje w oswa fè w peye amann paske w voye yon plent oswa paske w fè respekte dwa sou entimite w.